

ABSTRAK

PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung, mangrupi salah sahiji pausahaan anu midang dina widang ngadamelan kulit imitasi jenis PU sareng PVC, anu ngaproduksi bahan baku kanggo ngadamelan, sapertos : Jeket, Korsi, Sofa sareng sajabina, sarta anu janten konsumenna nyaeta mangrupi pausahaan, sapertos ; Konfeksi, Meuble, pausahaan jok mobil/motor sareng sajabina. Dumasar kana hasil panulingtikan, dipendakan sababaraha lalange, diantawisna nyaeta jumlah produksi anu dihasilkeun mineng teu sami jeung target anu ditangtukeun ku pa'usahaan, sareng mineng ngalaman katelatan tina standar waktos anu tos di ditangtoskeun, anu tiasa ngajantenkeun produktivitas damel padamel teu kahontal maksimal. Perkawis anu kasebat diakibatkeun ku pameunteunan damel anu teu acan sapinuhna dilakonan sami sareng kriteria sareng unsur-unsur pameunteunan anu leres.

Metode panulingtikan anu diangge nyaeta metode panulingtikan deskriptif analisis. Teknik pengempelan data didamel ngangge panulingtikan kapustakaan sareng panulingtikan lapangan. Analisis data anu diangge nyaeta Regresi Linier Sederhana, Koefisien Korelasi Rank Spearman, Koefisien Determinasi, sareng Uji Hipotesis.

Dumasar kana data anu kengeng tina hasil panulingtikan yen pangaruh pameunteunan dina padamel kanu produktivitas damelan dina bagian produksi PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung, alatan analisis koefisien anu katarima tina itungan Rank Spearman gedena 0,715 jeung titik kritis tabel P tina $N=40$ tina tarap kasalahan 0,05 nyaeta 0,312. Salian eta oge meunang tina Koefisien Determinasi gedena 51,12%. Hal ieu nunjukeun yen pangaruh pameunteunan dina padamel antara pameunteunan dina padamel kana produktivitas damelan dina bagian produksi PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung aya dinapangaruh anu sedang, jeung sesana dipangaruhan ku faktor lain diluar pameunteunan damel anu gedena 48,88%.

Lalange-lalange anu disinghareupan ku PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung dina ngalaksanakeun pameunteunan damel utamina dina bagian produksi, diantawisna nyaeta fasilitas damel anu sadia teu ngagentenkeun kanggo hasil damel anu diharepkeun, kirangna tangguang jawab anu dipiboga ku padamel dina ngalaksanakeun jeung ngarengsekeun pagawean, sarta padamel anu kirang taat kanu paraturan jeung tata tertib pa'usahaan.

Usaha-usaha anu dirojong kanggo ngahontal kana lalange-lalange anu kasebat, nyaeta Kapala bagian produksi PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung ngupawiskeun pangleresan fasilitas damel ku cara ngumpulkeun dan kanggo ngalereskeun pa'alatan damel anu tos teu ngagentenkeun, ngayakinkeun para padamel supaya ngagaduhan tanggung jawab dina padamelanana sareng taat kana paraturan jeung tata tertib pa'usahaan.

Saran-saran anu tiasa panulingtik dugikeun nyaeta Kapala bagian produksi PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung saestuna ngalakukeun reureujeungan langsung sareng karyawan, jeung langkung ngarah dina unggal ngalaksanakeun pameunteunan damel sarta ngayakeun kukumpul kanggo ngadagnetkeun unggal masalah anu dipanggihan dina unggal raragan ngalaksanakeun jeung ngarengsekeun padamelan. Kapala bagian produksi PT. Sempurna Indah Multi Nusantara Bandung saena langkung ngaperhatoskeun parangkat damel, sareng nyiptakeun hawa damel anu tertib supados padamel tiasa ngarasa raos dina padamelanana, kumargi hal ieu tiasa mangaruhan kana produktivitas anu dihasilkeun.

Kecap Konci : Pameunteunan Damel